

Kisa levanjil la ye?

Se bòn nouvèl ,yon padon yo akòde sila ki koupab la san konsidere diferan degre kilpabilite kay moun yo akòde padon sa. Bòn nouvèl Sali a revele yon rekonsilyasyon ki fèt apati de yon sakrifis fèt pou nou tout. Tout pechè pami lèzòm resevwa lòd pou yo konsidere pawòl sa a tankou yon bagay ki sèten e ki diy pou resevwa. Jezi Kris te vini nan monn nan pou sove pechè yo, e chak grenn konsidere kòm premye pechè a. Levanjil pa anseye kijan pou yon moun sove tèt li.

Levanjil la deklare gen yon fondman ki te gentan poze nan Siyon , se nan fondman sa a tout moun alawonbadè resevwa envitasyon ak lòd pou bati espwa sali yo san okenn perèz pou kreyatè yo a ta rele yo vin rann kont pou kondwit yo te genyen :

Anpil moun rele tèt yo kwayan men yo twonpe yo sou nati Levanjil la. Yo gade Levanjil la tankou yon pwogram ki pèmèt yo degize feblès yo apati de merit yo devan Kris la. Sa a ,an verite, se yon “lòt” Levanjil.

Levanjil Kris la se pou sila yo ki pa gen okenn jistis ; sila yo ki pòv ,avèg, ki pa posede anyen. Yo pa gen lajan ki ka fè yo jwenn Sali a, ni menm merit ki ta fè yo jwenn favè Bondye. Kris pat vin rele moun ki jis yo, men sila yo ki nan peche e ki vle repanti. Si nou pa pechè, nou pa gen anyen pou wè ak Levanjil la.

Men, si nou se pechè , fòk nou veye pou nou rejte kondanasyon Bondye pwononse sou nou an nan pèdi tan imajine kèk ti bonte nou gen lakay nou ap atire favè li . Ann evite panse tou ke peche nou yo tèlman grav nou pap jwenn padon. Jistis Bondye a pa gen anyen pou wè ak obvisans nou. Brigan an ki te sou kwa a li sove ak lafwa li nan Jezi, e pèsonn pap antre nan syèl la pa yon lòt pòt.

An nou pa imajine nou posede, oubyen yon jou nou ap jwenn yon bagay ki ap ba nou yon tit pou benefisye favè Bondye. « Eben, kounyea, men lè a rive pou n resevwa favè Bondye a. se jodia menm nou ka jwenn delivrans, » An nou apwoche non di Bondye tankou piblikan : « Bondye, gen pitye pou mwen ki fè anpil peche » Epi an nou chèche lapè sa ki ap vini apati de rekonsilyasyon Kris la akonpli nan san li.

Ekriti yo klè e presi sou sijè sa. Epoutan mesaj li yo tankou wòch ki pou fè ou kilbite e yon foli pou majorite moun ki tande li yo nan ògey yo, yo refize mete yo nan menm nivo ak dènye moun nan sosyete a. Yo imajine nan yon fason oubyen yon lòt, a pral gen kèk diferans alafen.

Men yo twonpe yo, paske yo pa tande Ekriti yo. Yo pa konprann karaktè mekan peche ni gras Bondye. Yo wè levanjil la tankou yon kontra Bondye fè ak kreyati li yo e selon kontra sa li aksepte yo sou kLk kondisyon, men levanjil la se yon mesaj rekonsilyasyon ki fè tout moun nèt konnen yo tout te lave sou lakwa . Li envite tout pechè ki soti nan ras Adan yo pou yo apwoche yo san delè de Bondye kòm zanmi yo e papa yo nan Kris.

Lè Moyiz te leve sèpan an nan dezè a, se te yon remèd ki te bon pou tout sila yo sèpan an te mòde a. Kit sèpan te fenk mòde ou, kit pwazon an te gentan melanje ak san ou, depi ou te gade sèpan an sèlman ou te geri.

E Bondye te pale san diskriminasyon a tout ras moun yo lè li di : « èske se pa mwen ki Letènèl la ?, Pa gen lòt dye aprè mwen, mwen se sèl Bondye ki jis e ki Sovè a. Tounen vini jwenn mwen, e nou a va sove, nou tout ki sou tè a ! Paske mwen se Bondye e pa gen okenn lòt Bondye » (Ezayi 45:21,22)

Lè li ap pibliye Levanjil la Bondye itilize bouch pwofèt li a pou li di : « Mwen ap rabese sila ki ap monte kò yo, e mwen ap imilye sila ki ògeye yo ».Sèl Letènèl ap gen pou leve nan jou sa (Ezayi 2 :11). Kidonk ,Levanjil la se yon pwoklamasyon yon padon pou tout pechè alawonnbadè, yon envitasyon san limit pou tout koupab abrite yo anba san ki lave a.

Men pisans Bondye se pou moun ki kwè. Se yon tan pèdi pou yon moun ap pale pou li di Kris jistifye li amwenske lafwa pirifye kè li.

Li posib pou yon moun di ke li gen lafwa nan Kris epi li toujou esklav peche. Li posib pou yon moun twonpe tèt li lè li kwè nan jistis li poutan l'ap viv dapre dezi lachè. Tout branch rezen ki pa donner, yo va koupe yo epi jete yo nan dife. Li enposib pou nou twonpe Bondye, epi si pandan pawòl la nan men nou, nou ap twonpe tèt nou, nou pap genyen okenn eskiz. Lafwa nou mete nan levanjil Kris la fè yon gwo travay nan kè nou (1 Tesalonisyen 2 :13). Li aprann nou pou nou pa viv nan opozisyon ak Bondye epi pou nou refize viv dapre dezi nou genyen pou n ta swiv move bagay ki nan mond lan, men pou nou fè sa ki dwat epi viv yon fason ki fè lwanj pou Bondye . Si sa nou kwè a pa fè efè sa nan lavi nou, nou pa ka di ke nou anba gras Bonde vre. Tout doktrin ki pa pouse nou viv yon fason ki fè lwanj pou Bonde se yon twonpri. Si nou panse ke yon doktrin konsa ka ba nou kè poze ak asirans, nou nan manti ak pwòp tèt nou. Moun ki moun pa Jezi Kris yo, yo fè kò a mouri ansanm ak tout egzijans li yo, ak tout move lanvi li yo.